

## **BAB 1**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Budaya hiji masarakat bisa dipangaruhan ku ayana kabudayaan séjén. Éta pangaruh téh bisa jadi mangrupa hal anu positip, nalika bisa ngeuyeuban kabudayaan daérah lianna. Tapi, éta pangaruh téh bisa ogé jadi hal anu négatip lamun ahirna ngaleungitkeun kabudayaan aslina. Asupna hiji budaya ka daérah séjén dibalukarkeun ku ayana kontak budaya, saperti dagang jeung faktor jajahan. Salah sahiji produk tina kabudayaan téh nya éta karya sastra. Ku kituna, dipikiwanoh ayana karya sastra saduran jeung sampeuran.

Karya sastra Sunda teu sakabéhna pituin asli ti Sunda. Aya sawatara karya anu mangrupa pangaruh ti daérah atawa nagara séjén. Dina periode sejarah sastra Sunda, Rosidi (2009, kc.29) nétélakeun ayana mangsa jaman kamari anu hasil-hasil karya sastrana mangrupa balukar dilindihna Sunda ku Mataram, tuluy ditéma ku Walanda, Inggris, jeung Jepang.

Balukar tina diéréhna Sunda ku Mataram, masarakat Sunda mikawanoh ayana pupuh, salaku patokan pikeun ngadangding atawa tembang. Alam harita, dangding téh jadi salah sahiji seni anu dipigandrung ku masarakat. Kelompok atawa golongan anu raket jeung ieu seni téh kaum féodal, nya éta kalangan bupati tur ménak-ménak anu aya di sabudeureun lingkungan pamaréntahan. Hal ieu téh bisa jadi kulantaran para bupati tiap sataun sakali sok caos upeti ka Mataram (Rosidi, 2009, kc. 88).

Nurutkeun Kluckhohn dina Koentjaraningrat (1981, kc. 194), hakékat karya téh aya tilu nya éta pikeun nyumponan pangabutuh hirup (pakasaban), salaku kalungguhan atawa kahormatan, jeung pikeun nambahan kabeungharan hiji karya. Jaman harita, kaum literat anu wanoh kana aksara téh kaum féodal. Ku kituna, teu jarang para ménak atawa anu nyekel kalungguhan penting di masarakat sok rajeun narulis dangding. Ku lantaran kitu nilik kana hakékat karya, kagiatan nulis dangding jaman harita téh lain mangrupa pakasaban, tapi leuwih raket patalina jeung kalungguhan sarta pikeun ngeuyeuban karya wawacan.

Wawacan nya éta carita anu didangding, digelarkeun dina puisi pupuh (Iskandarwassid, 2003, kc. 168). Salaku carita, wawacan diwangun ku unsur-unsur carita. Nurutkeun Stanton (2012, kc. 20), struktur carita fiksi diwangun ku fakta-fakta, téma, jeung sarana-sarana sastra. Lian ti éta, ku sabab gelar dina wangun pupuh, wawacan kauger ku patokan – patokan pikeun nulis dangding anu ngawengku guru gatra, guru wilangan, guru lagu, wirahma, adegan, jeung karakter pupuh (Hermansoemantri dina Ruhaliah, 2013, kc. 14). Pikeun nganalisis unsur-unsur carita tur patokan-patokan pupuh dina wawacan, mangka mikabutuh hiji tiori anu bisa dijadikeun cecekelan. Anapon tiori anu dipaké nya éta tiori struktural.

Unggal karya sastra mibanda ciri has atawa karakteristikna sorangan, di antarana wangun, motif, jeung pola carita. Patalina jeung pola carita, karya sastra Sunda mibanda pola carita heubeul nya éta pola carita anu umumna aya dina carita pantun. Anapon pola éta téh ngagambarkeun ngeunaan satria ngalalana, kajadian anu karandapan (ujian), satria unggul, ngadahup ka putri, tuluy ahirna ngadeg jadi raja. Salaku carita heubeul, aya sawatara wawacan anu polana saperti kitu. Salian ti éta, nurutkeun Rosidi (2013, kc. 29), judul tina wawacan téh biasana mangrupa tokoh utama dina éta carita. Salah sahiji conto wawacan anu mibanda pola heubeul tur dijudulan ku tokoh utama nya éta *Wawacan Jayalalana*.

*Wawacan Jayalalana* lain sa ukur wawacan anu sipatna hiburan wungkul. Tapi dijerona aya ma'na (eusi) anu bisa dicangking ku nu maca. Salian ti éta, ieu wawacan ogé ngambarkeun sagala aspék ngeunaan kahirupan nu aya di masarakatna, salah sahijina nya éta ajén atikan (étnopédagogik).

Nurutkeun Sudaryat (2015, kc. 121), étnopédagogik mangrupa papagon tina budaya anu aya di hiji masarakat, organisasi, kabiasaan, kapercayaan, simbol, jeung karakter nu tangtu tur mibanda ciri has. Ku kituna, ajén étnopédagogik di hiji masarakat bisa béda jeung masarakat lianna.

Oriéntasi étnopédagogik Sunda nya éta nembongkeun catur diri insani salaku manusa anu masagi atawa manusa unggul (MAUNG), nu ngawengku: a) pengkuh agamana, b) luhur élmunana, c) jembar budayana, jeung d) rancagé gawéna (Suryalaga dina Sudaryat, 2015, kc. 124). Lian ti éta, catur diri insani téh matok

kana moral kamanusaan, di antarana moral manusa ka Pangéran, moral manusa ka pribadi, moral manusa ka manusa, moral manusa ka alam, moral manusa kana waktu, jeung moral manusa dina ngudag kasugemaan lahir jeung batin. Ieu ajén étnopédagogik téh bisa digambarkeun sikep atawa paripolah ti palaku dina carita carita.

Tina pedaran di luhur, katitén yén wawacan bisa jadi sarana transformasi ajén atikan di masarakat. Pikeun maluruh ajén atikanana diperlukeun hiji panalungtikan anu jero tur daria. Panalungtikan *Wawacan Jayalalana* pernah dilaksanakeun ku Sari Wulan dina wangun skripsi kalayan judul “Analisis Filologi kana *Wawacan Jayalalana*” dina taun 2007. Éta panalungtikan ngan saukur nganalisis *Wawacan Jayalalana* salaku naskah anu ditilik tina widang Filologi. Sedengkeun, ari panalungtikan *Wawacan Jayalalana* dina widang sastra mah can aya nu kungsi nalungtik. Anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung saméméhna, nya éta dina ieu panalungtikan dipedar unsur struktural jeung ajén étnopédagogik anu aya dina *Wawacan Jayalalana*. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dijudulan “*Wawacan Jayalalana* (Tilikan Struktural jeung Étnopédagogik)

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu masalah téh dipertélakeun dina wangun patalékan, nya éta:

- 1) Kumaha struktur formal tina *Wawacan Jayalalana*?
- 2) Kumaha struktur naratif tina *Wawacan Jayalalana*?
- 3) Ajén étnopédagogik naon waé anu nyampak dina *Wawacan Jayalalana*?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, nya éta sakumaha anu dipedar di handap.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, tujuan umum dina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun maluruh struktur jeung ajén étnopédagogik dina

*Wawacan Jayalana*, sangkan bisa nambahan référénsi kajian sastra Sunda, utamana dina karya sastra buhun.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Struktur formal tina *Wawacan Jayalana*.
- 2) Struktur naratif dina *Wawacan Jayalana*.
- 3) Ajén étnopédagogik anu aya dina *Wawacan Jayalana*.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, sakumaha anu dipedar ieu di handap.

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara téoritis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngabeungharan pangaweruh perkara ulikan sastra Sunda, utamana dina wengkuan tiori struktural jeung étnopédagogik .

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Ieu panalungtikan téh miboga mangpaat praktis, di antarana:

- 1) Pikeun Panalungtik

Nambahan pangalaman dina prosés panalungtikan sastra, utamana dina karya sastra wangun wawacan.

- 2) Pikeun Atikan

Ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan référénsi kajian, utamana dina pangajaran sastra di sakola.

## **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga tulisan dina ieu tesis ngawengku lima bab. Bab 1 nya éta bubuka, medar kasang tukang tina masalah nu di talungtik, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan boh anu ngawengku mangpaat teoritis boh mangpaat praktis, sarta raraga tulisan nyusun tesis.

Bab II kajian tiori, anu ngawengku pedaran tiori-tiori ngeunaan wawacan, strukturalisme, jeung étnopédagogik. Salian ti medar ngeunaan tiori, dina bab II ogé dibahas ngeunaan panalungtikan saméméhna sarta raraga mikir.

Bab III metodologi panalungtikan, anu ngawengku metode panalungtikan, sumber data, desain panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV hasil jeung pedaran, ngadadarkeun ngeunaan déskripsi *Wawacan Jayalalana*, ringkesan carita tina *Wawacan Jayalalana*, struktur formal tina *Wawacan Jayalalana*, struktur naratif tina *Wawacan Jayalalana*, sarta ajén étnopédagogik anu nyampak dina *Wawacan Jayalalana*.

Bab V kacindekan jeung saran, mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan sarta méré saran ngeunaan hal anu aya patalina jeung panalungtikan kahareupna.